

PEPALI KI AGENG SELO

PUPUH I DHANDHANGGULA

1. Pépali-ku ajiné mbrékati, Tur sélamét sarta kuwarasan, Pépali iku mangkene, Aja gawe angkuh, Aja ladak lan aja jail, Aja ati sérakah, Lan aja célimut; Lan aja mburu aléman, Aja ladak, wong ladak pan gélis mati, Lan aja ati ngiwa.

“Pepali”-ku hargailah (supaya) memberkahi, Lagi pula selamat, serta sehat. Pepali itu seperti berikut : Jangan berbuat angkuh, Jangan bengis dan jangan jahil, Jangan hati serakah, (tamak, loba), Dan jangan panjang tangan; Jangan memburu pujian, Jangan angkuh, orang angkuh lekas mati, Dan jangan cenderung kekiri.

2. Padha sira titirua kaki, Jalma patrap iku kasihana, Iku arahén sawabe ! Ambrékati wong iku, Nora kéna sira wadani, Tiniru iku kéna, Pambégane alus, Yen angucap ngarah-arrah, Yen alungguh nora pégat ngati-ati, Nora gélem gumampang.

Hendaklah meniru “kaki”, Janma susila, itu sayangilah, Carilah sawabnya ! (sawab = tuah) Memberi berkah orang itu, Tidak boleh kau mencelanya. Lebih baik menirunya. Pendiannya halus, Jika mengucap berhati-hati, Jika duduk tiada putus-putusnya berhati-hati, Tidak suka serampangan (menganggap mudah atau gampang.

3. Sapa sapa wong kang gawe bécik, Nora wurung mbenjang manggih arja, Tékung saturun-turune. Yen sira dadi agung, Amarintah marang wong cilik, Aja sédaya-daya, Mundhak ora tulus, Nggonmu dadi pangauban. Aja nacah, marentaha kang patitis, Nganggoa tépa-tépa.

Barang siapa yang berbuat baik, Tiada urung kelak menemui bahagia, Sampai kepada keturunan-keturunannya, Jika kamu menjadi orang besar. Memerintah orang kecil, Jangan keras-keras, Nantinya tan akan tetap, Kamu menjadi pelindung. Jangan sembarangan, perintahlah yang tepat, Pakailah kira-kira.

4. Padha sira ngesthoké kaki, Tuter insun kang nédyá utama, Angarjani sarirane. Way nganti séling surup, Yen tumpang suh iku niwasi, Hanggung atélanjukan, Témah sasar susur. Téngraning jalma utama, Bisa nimbang kang ala lawan kang becik. Rasa rasaning kémbang.

Hendaklah diperhatikan kaki, Nasihatku yang bertujuan utama, Membahagiakan dirimu. Jangan sampai salah terima, Bila tumpang balik menewaskan, Selalu keliru, Hingga simpang siur. Tanda manusia utama, Dapat menimbang yang buruk dan baik, Rasa dan rasa bunga.

5. Kawruhana pambengkasing kardi, Pakuning rat lélananging jagad, Pambekasing jagad kabeh, Amung budi rahayu, Sétya tuhu marang Hyang Widi. Warastra pira-pira, Kang hanggung ginunggung, Kasor dening tyas raharja. Harjaning rat punika pakuning bumi, Kabeh kapiyarsakna.

Ketahuilah penyelesaian segala kuwajiban, Pros Alam, si Jantan didunia, Pembebas seluruh dunia, Tak lain ialah yang berbudi rahayu, Setia sungguh kepada Yang Maha Kuasa. Senjata ber-macam-macam, Yang selalu dipuji-puji, Kalah dengan hati lurus. Keadilan alam ialah pusat peredaran bumi, Dengarkanlah semua ini.

6. Pomapoma anak putu mami, Aja sira ngégungakén akal, Wong akal ilang baguse. Dipun idhép wong bagus, Bagus iku dudu mas picis, Lawan dudu sandhangan, Dudu rupa iku. Bagus iku nyatanira, Yen dinulu asih sémune prakati, Patrap salah prasaja.

Mudah-mudahan anak cucuku, Jangan kamu menyombongkan akalmu, Orang berakal hilang bagusnya. Ketahuilah, orang bagus ! Kebagusan bukan mas picis, Dan bukan pakaian (yang mentereng), Bukan paras muka. Bagus itu sebenarnya, Menimbulkan rasa sayang, tampaknya memikat hati, Tingkah laku yang sewajarnya (yang tidak dibuat-buat).

7. Lawan aja dhémVn ngaji-aji, Aja sira képengin kédhotan, Kadigdayan apa dene, Aja sira mbédhukun, Aja ndhalang lan aja gram, Aja budi sudagar, Aja watak kaum, Kang den ajab mung ruruba, Kaum iku padune cukéng abéngis, Iku kaun sanyata.

Dan jangan gemar akan mukjizat, Janganlah kamu ingin kebal, Kesaktian apa lagi, Jangan kamu menjadi dukun, Menjadi dalang atau berniaga, Jangan berbudi saudagar (berbudi – berwatak), Jangan bertabiat lebai (kaum), Yang diharap-harap hanya keuntungan, Lebai itu kata-katanya tegar dan bengis, Benar demikian lebai itu.

8. Kumbah, krakah, cukit lan andulit, Miwah jagal, mélantén, kumala, Iku nora dadi gédhe. Wajib sinirik iku, Pan wus aja ngaruh-aruhi, Aja doyan sémbrana, Matuh analutuh, Niwasi barang karya, Wong sémbrana témahane nora bécik. Nyényénges nanjak-nanjak.

Penatu, penjual daging, penjual trasi dan kapur sirih, Pembantai, [emutih dan pedagang akik, Itu tidak akan menjadi besar. Wajib ditegaskan itu, janganlah menegur mereka. Jangan gemar bersenda, Terbiasa terlanjur, Menggagalkan sembarang pekerjaan, Orang bergurau akibatnya tidak baik, Mengejek menonjol-nonjolkan diri.

9. Pae wong kang makrifat séjati, Tingkah una-unine prasaja, Dadi panéngeran gédhene. Eséme kadi juruh, saujare manis trus ati, Iku iangaran dhomas. Wong bodho puniku, Ingkang jéro isi émas, Ingkang nduwe bale kencana puniki, Bola bali kinenca.

Berbedalah orang yang makrifat sejati, Tingkah dan ucapannya bersahaja, Menjadi tanda kebesarannya. Senyumnya bagaikan kental gula, Tiap ucapannya selalu manis terus hati. Itulah yang disebut dhomas. Orang bodoh yang, Jiwanya berisi mas, Yang memiliki tahta kencana ini, Berulang-ulang direncanakan.

10. Keh tépane mring sagunging urip, Pan uninga ati téngu géngnya, Ingkang sasingkal gédhene. Endhog bisa kéluruk, Miwah géni binakar warih. Iku talining barat, Kawruhana iku !! Manjing atos nora rénggang, Bisa mrojol ing kérép dipun kawruhi, Kang céndhak kéthokana.

Banyak belas kasihan kepada semua yang hidup, Kan mengetahui besar hati tungau, Yang sebesar sebuah singkal. Telur yang dapat berkokok, Dan api yang dibakar dengan air. Itu tali angin, Ketahuilah itu !! Masuk kedalam barang keras tan meratakan, Dapat menerobos jala yang kedap ketahuilah juga !! Potonglah segala yang pendek !!

11. Aja watak sira sugih wani, Aja watak sok ngajak tujaran, Aja ngéndélkén kuwanen, Aja watak anguthuh, Ja ewanan lan aja jail, Aja ati canthula, Ala kang tinému. Sing sapa atine ala, Nora wurung bilahi pinanggih wuri, Wong ala nému ala.

Jangan berwatak menyombongkan keberanian, Jangan berwatak sering suka bertengkar, Jangan menyandarkan diri pada keberanian, Jangan berwatak tak tahu malu, Jangan irihati dan jangan jahil, Jangan berhati lancang, Buruk yang didapat, Barang siapa berhati jahil, Tiada urung celaka akhirnya didapat, Orang jahat menemukan jahat.

12. Poma-poma anak, putu sami, Aja sira méngeran busana, Aja ngéndélkén pintéré, Aja anggunggung laku. Ing wong urip dipun titeni, Akétareng basa, Katandha ing sému. Sému bécik, sému ala, Sayéktine ana tingkah salah muni, Katon amawa cahya.

Mudah-mudahan anak, cucu, semua, Jangan bertuhan kepada perhiasan, Jangan congkak akan kepintaranmu, Jangan menyanjung-nyanjung laku. Itu disaksikan oleh sesama-hidup, Terlihat dalam budi-bahasmu, Tertanda pada roman-mukamu. Semu baik, semu jahat, Sebenarnya berkata dalam tingkah-laku, Tampak pada cahaya.

13. Aja sira amadhakkén jalmi, Amarentah kaya sato kewan, Kébo, sapi, miwah iwen. Aja sira prih wéruh, Kaya wong, pan nora ngréti. Aja kaya si Soma, kVbone pinukul. Sababe sinau maca, Yen bisaa nora beda padha urip, Mulane awéwuda.

Jangan kau persamakan dengan manusia, Bila kau perintah hewan, Kerbau, sapi dan unggas. Jangan mencoba mengajarnya, Sebagai manusia, karena tidak mengerti. Jangan seperti si Soma, Kerbaunya dipukuli. Sebabnya kau telah belajar membaca. (tidak buta huruf), Sedapat-dapat perlakukanlah dengan baik, tak beda sesama hidup. Asalmulanya telanjang juga.

14. Ayam ginusah yen munggah panti, Atanapi lamun mangan béras, Kébo ingadhangan bae, Iku wong olah sému, Lamun sira tétanggan kaki, Yen layak ingaruhan, Aruhan iku. Yen tan layak-énéngéna, Apan iku nggémeni darbek pribadi, Pan dudu rayatira.

Ayam dihalau jika hendak masuk rumah, Kalau-kalau nanti makan beras, Jika kerbau dihalang-halangi saja, Itu tindakan orang yang belajar hal-ihwal. Apabila kamu bertetangga dengan dia buyung. Kalau sudi ditegur-sapa, Kenalilah ia. Jika tidak sudi, diamkanlah saja, Lagi pula bukan keluargamu.

15. Patrapéna rayatira kaki, Anak, putu, sanak, présanakan, Enakéna ing atine. Lamun sira amuruk, Wéruhéna yen durung sisip. Yen wus katiwasan, Aja sira tuduh. Kelangan tambah duraka, Yen wus tiwas sira umpah-umpah kaki !! Tur iku mundhak apa !??

Jalankanlah terhadap keluargamu cucuku, Anak, cucu, sanak, persaudaraan, Enakkanlah hati mereka. Kalau kau mengasuh, Beritahulah sebelum khilaf. Jika sudah bersalah, Janganlah ditegur-tegur. Rugi tambahan pula durhaka, Bila sudah salah diumpat-umpat lagi cucuku ! Dan lagi apa manfaatnya !??

16. Bumi, géni, banyu miwah angin, Pan srengenge, lintang lan rémbulan, Iku kabeh aneng kene. Ségara, jurang, gunung, Padhang péténg, padha sumandhing, Adoh kalawan pérak, Wus aneng sireku.

Mulane ana wong agucap, Sapa bisa wong iku njaring angin, Jaba jalma utama.

Bumi, api, air serta angin, Matahari, bintang dan bulan, Itu semuanya ada disini. Laut, lembah dan gunung, Terang dan gelap ada disamping, Jauh dan dekat, Sudah ada dalam dirimu. Karena itu ada orang yang berkata : Siapa yang dapat menjala angin, Kecuali manusia utama.

17. Tama témén tumaném ing ati, Atinira tan nganggo was-was, Waspadha marang ciptane. Tan ana liyanipun, Muhung cipta harjaning ragi, Miwah harjaning wuntat. Ciptane nrus kalbu, Nuhoni ingkang wawénang. Wénangira kawula punika pasthi, Sumangga ring kadarman.

Baik dan jujur tertanam dalam hati, Hatinya tak mengandung was-was (galau), Waspada terhadap ciptanya. Tak ada lainnya, Dalam ciptanya hanya kebahagiaan badan, Dan kebahagiaan dikemudian hari. Ciptanya meresap dalam kalbu, Meyakini kepada Yang Kuasa. Kekuasaan hamba itu sesungguhnya pasti, Terserah kepada kemurahan Tuhan.

PUPUH II ASMARADHANA

1. Poma sira aja dréngki, Dahwen marang ing sasama. Sama den arah harjane, Harjane wong aneng dunya. Dunya tékeng akerat, Akerate amrih lulus, Lulus dennya méngku nikmat.

Hendaknya engkau jangan dengki, Suka mencela orang lain. Usahakanlah kebahagiaan bersama, Kebahagiaan orang didunia. Didunia sampai keakhirat. Akhiratnya supaya lulus, Lulus sehingga mendapat nikmat.

2. Nikmat rasane ing ati, Ati pan ratuning badan, Badan iku sajatine, Pan iku ingaran kudrat. Kudrat karsaning Allah, Allah ingkang Maha Agung, Luhur tan ana pipindhan.

Nikmat rasanya dalam hati, Hati itu rajanya badan. Badan itu sebenarnya, Apa yang disebut kodrat. Kudrat ialah kehendak Allah, Allah Yang Maha Agung, Luhur tiada taranya.

3. Padha kawruhana yékti, Yéktine ngelmu sarengat. Sarengat awit kang gédhe, Panggédhening ngelmu nyata, Nyatane neng sarengat. Sarengat den amrih tutug, Tutug marang ing Kakekat.

Ketahuilah yang sebenar-benarnya, Ilmu syariat yang sebenarnya. Syariat ialah permulaan yang utama, Pemuka segala ilmu kenyataan, Kenyataannya terdapat dalam syariat. Maka selesaikanlah syariat itu, Hingga meningkat kehakikat.

4. Kakekate ngelmu jati, Jati sagunging upama, Upama kang katon kabeh, Kabeh iki aneng dunya, Dunya tibanging kerat, Ngakerat dina ing mbesuk, Mbesuk iya dadi dunya.

Hakikat ilmu sejati, Sari segala peristiwa, Peristiwa yang dapat disaksikan semua, Semua ini ada didunia. Dunia lawannya akhirat. Akhirat itu hari kemudian, Kemudian juga jadi dunia (sekarang).

5. Dunya dina kang saiki, Ik kang aran ngakerat, Ngakerate uwong biyen. Mbiyen ngarani ngakerat. Ya iki ingaranan, Arane mungguh ta ing sun, Ingsun iki lagi dunya.

Dunia ialah hari sekarang, Ini yang disebut akhirat, Akhirat bagi orang dahulu. Orang dahulu menamakan akhirat Sekarang ini. Artinya bagi saya, Saya ini baru mengalami dunia.

6. Neng dunya kang sugih puji, Puji tégésé pamuja. Muja iku nékakaké, Nékakake kanikmatan. Nikmate badanira. Yen sira témén satuhu, Tuha téka denny muja.

Didunia sebaiknya perbanyaklah puji, Puji artinya memuja. Memuja itu mendatangkan, Mendatangkan kenikmatan, Kenikmatan badanmu, Bila kamu bersungguh-sungguh, Sungguh akan tercapai cita-citamu.

7. Yen sira muja sémedi, Pan mangkana pujinira : Rabbana-a-tina mangke, Fidunya lan kasanatan, Wafil akhirati kasanat, Wakina lan malhipun, Ngadabanar. Tégésira :

Jika kamu memuja dan bersemedi, Demikianlah doanya : Rabbana-a-tina selanjutnya, Fiddunya kasanatan, Wafil akhirati kasanat, Wakina dan seterusnya, 'Azabanar. Maksudnya :

8. Pangeran hamba sayékti, Kawula nyuwun kamulyan, Ing dunya mulya slamine. Tumékoa ing akerat, Kinacekna sasama. Selamat téguh rahayu, Tébihna siksa nérika.

Tuhan hamba yang sebenar-benarnya, Hamba memohon kemuliaan, Didunia mulia selama-lamanya. Hingga sampai diakherat,

Bedakanlah hamba dari sesama. Selamat, sentosa, bahagia, Jauhkanlah dari azab (siksa) neraka.

9. Sagung wong kang nému bécik, Kang samya anuwun rahmat, Kang cukup iku pujine !! Poma den padha estokna, Gélém nora géléma, Kajaba kang nora sarju, Mangsa borong karépira.

Semua orang yang menemui nasib baik, Yang memohon rahmat, Hendaknya diperbanyak doanya !! Hendaklah diperhatikan dengan benar, Mau atau tidak mau, Kecuali mereka yang tidak sepaham, Terserah apa kehendakmu.

10. Gusti Allah ngudaneni, Marang makhluk sadayanya, Kang ala tanapi sae. Nadyan rambut para sapta, Apan wus nora samar. Ala bécik mung jinurung, Nora pégat ciptanira.

Allah Maha Mengetahui, Kepada makhluk semuanya, Yang jahat dan yang baik. Meskipun rabut dibelah tujuh, Tidak luput dari penglihatannya. Baik buruk selalu diberkahi, Tak terputus dari kehendaknya masing-masing.

PUPUH III MEGATRUH

1. Wruhanira tekad ingkang luwih luhung, Poma dipun ngati-ati, Akeh sambekalanipun. Wali mukmin sadayeki, Pirang-bara manggih yéktos.

Ketahuiilah tekad yang lebih tinggi, Jalankanlah dengan hati-hati, Banyak rintangannya. Wali mukmin semuanya, Mudah-mudahan benar-benar menemukannya.

2. Lamun luput aneng dunya lakunipun, Ngakerat datan pinanggih. Yen énom wédélanipun, Babarane nora bécik. Ya iku poma kang yéktos !!

Jika salah jalan didunia, Di akhirat tidak pernah akan ketemu. Bila muda wédélanya (celupannya). Babarannya tidak baik. Itulah ibarat yang tepat !!

3. Pang mangkana, manawa bae ing mbesuk, Oleh dhangane kang ati. Nging aja mésthekkén iku ! Manawa ana ingkang sih, Antuk suwargadi kaot.

Demikian, barang kali kemudian, Mendapat kemurahan hati (Tuhan). Tapi jangan dipastikan itu ! Bila ada kasih sayang, Mendapat surga indah yang berbeda.

4. Wruhanira wong ahli ilmu puniku, Sarta tekat ingkang bécik, Cinadhang suwarga mbesuk. Swarga pépitu yékti, Ana luhur, ana asor !

Ketahuilah ! orang berilmu itu, Serta yang bertekad baik, Kepadaanya disediakan surga kelah. Disediakan tujuh surga, Ada yang tinggi dan ada yang rendah !

5. Prmilane den wruh ala bécik iku ! Kang ala dipun singkiri, Kang bécik wajib tiniru ! Allah pasthi ngudaneni, Ginadhang-gadhang kinaot.

Maka ketahuilah soal buruk dan baik itu ! Yang buruk supaya dijauhi, Yang baik wajib ditiru ! Allah pasti mengetahuinya, Mencadangkan-cadangkan keistimewaan.

6. Ingkang ala pasthi cinadhang ing mbesuk, Pinrénah aneng Yunani. Dene ingkang bécik iku, Pasthi cinadhang ing mbenjing, Aneng suwargadi kaot.

Yang jahat pasti dicadangkan kelak, Ditempatkan dalam neraka. Dan yang baik itu, Pasti dicadangkan kemudian, Ditempatkan disurga yang indah dan istimewa.

7. Pan mangkana iku adiling Hyang Agung. Pramila den ngati-ati, Neng dunya aja katungkul. Sanajan ala sireki, Nuli elinga ing batos !!

Demikian itu keadilan Tuhan Yang Maha Agung, Maka hendaknya berhati-hati, Didunia jangan terlanjur-lanjur. Meskipun jahat kamu itu, Segera sadarlah dalam batin !!

8. Lamun sira durung eling lampus, Kainan pinanggih wuri. Sru gétun dahat kaduwung. Katungkul duk kala urip, Ngakerat kari bébéndon.

Bila kau belum sadar lalu meninggal, Hina yang didapat kelak. Sangat kecewa dan sangat menyesal, Terlanjur ketika didunia. Diakhirat tinggal bencana.

9. Pan yaiku musthikane kang lapil hu, mBengkas sagung ponang lapil. Pan iku bae wus cukup ! Nanging ati ingkang suci, Poma-poma den kalakon !

Itulah mustika lafal agung (HU), Yang meniadakan semua lafal lain. Itu saja sudah cukup ! Tapi hendaknya yang suci, Mudah-mudahan sungguh terlaksanalah !

10. Ya wa inna rohmatullahi karibun, Minal mukminina yékti. Satuhune lapil iku, Ingkang padha dipun esthi. Dene eling lahir trus batos !

Wa inna rahmatullahi karibun, Minal mukminina. Sebenarnya lafal itu, lalah yang menjadi tujuan. Hendaklah ingat lahir-batin !

11. Pan mangkana tégése lapal puniku : Sagung rahmating Hyang Widi, Pinérakakén mring makhluk, Kang sami akarya bécik, Angesthi nédya rahayu.

Demikianlah arti lafal itu : Segala rahmat yang Maha Kuasa, Didekatkan pada makhluk, Yang suka berbuat baik, Bertujuan kerah kebajikan.

12. Aneng dunya dipun srégép anéndur, Lan dipun srégép rérésik. Tégése srégép néndur : Agawe ngamaling dhiri, Kang rila ing lair batos.

Didunia hendahnua rajin menanam, Dan rajin membersihkan (mencucikan). Artinya rajin menanam : lalah beramal untuk kebaikan dhiri. Dengan ikhlak lahir batin.

13. De maknane kang bangsa rsik puniki : Karam makruh den sumingkir, Dohna ing dédosa sagung, Dosa samar-samar gaib. Eling-eling den waspaos !

Akan makna hal bersih itu : Haram makruh hendaknya dijauhi, Jauhkan diri dari segala dosa, Dosa samar-samar gaib. Ingat-ingatlah dengan waspada !

14. Eling iku mituhu marang pitutur, Pitutur kang muni tulis; “karya bécik” yen digugu. Poma den padha angesthi, Iku marganing kinaot !

Ingat berarti percaya pada petuah, Petuah yang sudah tertulis; “Berbuatlah baik”, bila dipatuhi, Hendaknya ini dijadikan tujuan, Itulah jalan kearah kebesaran !

PUPUH IV
MIJIL

1. Ngelmu sarengat puniku dadi, Wawadhah kang yéktos. Kawruh télu pan kawéngku kabeh, Kang serengat kanggo lair batin. Pramilane sami, Sarengat rumuhun.

Ilmu syariat itu jadi, Tempat yang sebenarnya. Ketiga itu tlah terkandung didalamnya semua, Dalam syariat untuk lahir dan batin. Maka hendaknya semua, Menjalankan syariat dahulu.

2. Ngelmu tarekat punika dadi, Dédalan kang yéktos, Lamun arsa wruh ing Pangerane. Luwih angel, marga saking sulit. Ati sanubari, Séjatine iku !

Ilmu tarekat itu jadi, Jalan yang sejati, Bila ingin megetahui Tuhan. Lebih sukar oleh karena sulit. Hati sanubari, Sebenarnya itu !

3. Ngelmu kakekat puniku pasthi, Wéruh kangsayéktos, Ing wuhude Pangeran sipate, Nanging Allah tan kéna kadéling. Katingale ugi, Neng sipatireku.

Ilmu hakikat itu pasthi, Tahu yang sebenarnya, Kenyataan sifat-sifat Tuhan. Akan tetapi Allah tak dapat dilihat. Terlihatnya juga, Hanya pada sifat-sifatnya.

4. Dene ngelmu makripat kang luwih, Wéruh kang samélok. Den rumangsa iku ing uripe ! Sébab urip napas manjing mijil. Ya iku sayékti, Wéruh kang satuhu.

Sedangkang ilmu makrifat yang lebih tinggi, Artinya tau dengan sesungguhnya. Sadarilah itu dalam hidupmu ! Sebab hidup keluar masuknya napas. Itulah sebenarnya, Tahu yang sebenar-benarnya.

5. Lamun méréme sipate Hyang Widi, Katingal mancorong. Lamun mélek katingal ing Date, Ing salwiring kang katingal kabeh. Jémbar padhang iki, Pratandha Hyang Agung.

Bila mata terpejam sifatnya Yang Maha Kuasa, Nampak bercahaya. Bila mata terbuka kelihatan dalam Dzat, Segala yang nampak semua, Luas dang terang benderang ini, Pertanda sifatnya Yang Maha Agung.

6. Lamun sira kabeh wus mangéti, Ngelmu papat manggon, Poma aja mancungul ungase ! Dipun gémi, tanapi den rémpit, Sayéktiku wadi, Lir gandrung mangun kung.

Bila kamu semua sudah mengerti, Kedudukan keempat ilmu, Janganlah menampakkan kesombongan ! Hendaknya berhemat dan cermat, Sebenarnya itu rahasia, Bagaikan jatuh cinta yang membara.

7. Lawan malih, wékas ingsun sami, Aja laku awon, Ing sabarang sarak larangane ! Dipun eman wéruh ngelmu iki, Supayane mbenjing, Ngakerat képangguh !

Lagi pula, pesan saya semua, Jangan berbuat jahat, Ingatlah segala larangan sarak ! Sayangilah akan pengetahuan ilmu ini, Supaya kelak, Diakhirat menemukan buahnya !

8. Lawan malih dipun ngati-ati, Den sabar lan kamot, Lamun ana cobaning Hyang méngke ! Setan julig, wasis miranteni, Pramilane sami, Den awas lan emut !

Lagipula hendaknya berhati-hati, Hendaknya sabar dan tahan, Bila ada coboan dari Tuhan nantinya ! Setan licik, pandai membuat perangkap, Oleh sebab itu, Selalu waspada dan ingat !

9. Iya iku pawitan kang luwih, Sabar lawan kamot ! Pan wus kocap dalil Qur'an nggone : Wabasiri sabarina. Yékti, Bébungah Hyang Widi, Kang sabar ing laku.

Yaitu merupakan modal yang lebih, Sabar dan tahan ! Yang sudah tertulis dalam dalil Qur'an tempatnya : Wabasiri sabarina. Benar, Merupakan kUrniah dari Allah, Yang sabar dalam menjalaninya.

10. Inggang sampun tédhas ilmu iki, Tan darbe pakewoh, Ing sabarang lakuning uripe, Upamane sarah munggeng jladri, Tan karsa pribadi, Mung lakuning alun.

Yang dapat mengunyah ilmu ini, Tidak memiliki perasaan segan, Di semua perjalanan hidupnya, Ibarat sampah didalam lautan, Tak ada kehendak pribadi, Hanyalah ikut geraknya belombang.

11. Miwah kudu anggaweya bécik, Mring saphadhaning wong. Aja nédyang ngudi wawalésé ! Gusti Allah pasthi anyémbulih, Yen apotang bécik, Ngakerat tinému.

Dan wajib berbuat kebaikan, Kepada sesama orang. Jangan mengharap balasannya ! Allah pasti akan membalasnya, Yang meminjamkan kebaikan, Diakhirat akan mendapat balasannya.

12. Poma aja sumélang ing galih, Lair miwah batos, Janji sira anétépi bae, Ing unine supatra kadyeki, Pasthi datan kédhip, Kang Allah Mukidun.

Janganlah mempunyai rasa was-was dalam hati, Lahir serta batin, Asal kamu menepati saja Bunyi kalimat seperti ini, Tidak akan berkedip, Yaitu Allah Makidun.

13. Pan wus kocap ana ndalém kadis, Lapal kang sayéktos. Mantala wajidahu lapale, Wajidahu tégése kang arti : Yen témén sayékti, Kakekating masbun.

Yang tlah tersbut didalam Hadist, Lafal yang sejati. Mantala wajida, Wajidahu artinya : Apabila jujur yang bersungguh-sungguh, Hakikatnya masbun.

14. Sakarsanta, Allah anjurungi, Denira krahayon. Pan ginadhang prapteng salalise. Gusti Allah yen amundhut urip, Mring kawula sami, Ngaget praptanipun :

Sekehendakmu, Allah meluluskan, Kehendak akan bahagia, Yang sudah dicadangkan hingga datangnya maut. Bila Allah mengambil hidup, Dari semua hamba-Nya, Secara tiba-tiba kedatangannya.

Lamun sira bida nganggo iki, Dadi jalma kaot. Yeku aran manungsa arane. Téhésira unusaning jalmi. Arang kang ngawruhi, Wrin manungsanipun.

Bila kamu dapat mempergunakan ilmu ini, Jadi orang yang terpilih. Itu artinya manusia yang sejati. Maksudnya ialah sari-intinya manusia. Jarang ada yang megetahui, Mengetahui manusiaannya.

PUPUH V MASKUMAMBANG

1. Wruhanira, sagung wong urip puniki, Pésthi lamun péjah. Yen wus péjah urip malih. Uripe pan warna-warna.

Ketahuilah, semua orang yang hidup ini, Pasti akan mati (meninggal). Kalau sudah mati hidup lagi, Hidupnya itu bermacam-macam.

2. Sébab dene anut ngamale duk nguni. Yen bécik ngamalnya, Ngakerat dadine bécik. Aja nganti dadi ala.

Sebab menurut amalnya dahulu. Jika baik amalnya, Diakherat jadinya baik. Jangan sampai menjadi buruk.

3. Pramilane den padha laku kang bécik, Supadi dadiya, Ngakerate dadi bécik. Wong bécik pasthi raharja.

Oleh sebab itu berbuatlah yang baik, Supaya akibatnya, Akhiratnya menjadi baik. Orang baik tentu bahagia (selamat).

4. Pan wong ala yen masih tinitah janmi, Iku pan wus béja. Tinimbang dadi bubabi, Aluwung dadiya janma.

Bila orang jahat masih dilahirkan menjadi manusia, Itu masih untung. Daripada jadi babi, Lebih baik jadi manusia.

5. Dene ingkang bécik ora dupeh sugih, Nora dupeh wirya, Nora dupeh priyayi. Ala bécik karseng driya.

Dan yang dianggap orang baik itu, bukan karena orang kaya, Bukan karena kedudukan (pangkat), Bukan karena bangsawan. Jahat dan baik itu kehendak hati.

6. Wus mangkana iku karsane Hyang Widi : Urip nuli péjah, Yen wus péjah urip malih, Léstari tanpa wekasan.

Sudah demikian kehendaknya Hyang Widi : Hidup lalu mati, Sesudah mati hidup lagi, Abadi tak ada akhirnya.

7. Wruhanira, dene laku ingkang bécik, Iku karsaning Hyang. Kang ala lakune iki, Padha karsaning Hyang Suksma.

Ketahuiilah, sedangkan perbuatan yang baik, Itu kehendaknya Hyang (Tuhan). Demikian perbuatan yang jahat, Semua atas kehendak Hyang Suksma.

Aja mamang, wus kocap ing dalil-dalil : Wa tukrijul haya Kalawan min al mayiti, Lan wa tukrijul mayita.

Jangan ragu-ragu, sudah tersebut dalam dalil-dalil : Wa tukrijul haya, Dan min al mayiti, Dan wa tukrijul mayita.

Min al hayi. Kalawan lapale malih : Watarjug man tasa, Miwah bil gaera hisabi. Tégése lapal punika :

Min al hayi. Dan lapal seterusnya: Wa tarjug man tasa, Dan bil gaira hisabi. Arti lafal tersebut adalah :

Gusti Allah amétokakén ing urip, Awit saking péjah; Lawan métokakén pati, Kang pati wit saking gésang.

Allah menciptakan hidup, Berawal dari kematian; Dan menciptakan kematian, Sedang kematian berawal dari hidup.

Ingang gésang iku samya den paringi, Réjéki ing Allah. Ana akeh ana thithik, Apan pinentés ing kira.

Yang hidup itu semuanya diberi, Rejeki oleh Allah. Ada yang banyak ada yang sedikit, Masing-masing menurut kadarnya.

De ingkang pinaringan réjéki luwih, Den sukur ing Allah, Ingang pinaringan thithik, Den narima ing Pangeran.

Yang diberi rejeki banya, Bersyukurlah kepada Allah. Dan yang diberi rejeki sedikit, Berterimakasihlah kepada Tuhan.

PUPUH VI DHANDHANGGULA

1. Wruhanira urip puniki, Dipun ngrasa yen bakal palastra, Tanwun ngaraha slaméte. Tégése slamét iku, Antuk rahmat saking Hyang Widi. Tégése aran rahmat, Cinadhang swarga gung. Dene kang aran suwarga, Sarwa dhang ngakhirat mukti léstari, Sapangkat murwatira.

Ketahuiilah orang hidup itu, Bahwa ia akan menemui ajal. Baiknya usahakan keselamatan, Artinya selamat itu, Memperoleh rahmatnya Hyang Widi. Arti sebutan rahmat, Disediakan surga mulia. Dan yang dinamakan surga, Serba bahagia diakhirat yaitu kemuktian yang kekal, Menurut derajat dan kepantasannya.

2. Pan mangkana neng dunya duk urip, Lamun thithik kabécikanira, Ngakhirat thithik rahmate. Yen akeh bécikipun, Pésti akeh rahmat tinampi. Upamane wong dagang, Paitane agung, Pésthi akeh bathinira. Lamun thithik paitane, duk ing kuni, Pésthi thithik bathinya.

Demikian sewaktu hidup didunia, Bila sedikit kebbaikannya, Diakhirat sedikit rahmatnya. Jika banyak kebbaikannya, Tentunya banyak rahmat yang diterima. Seumpama orang berdagang, Modalnya besar, Tentunya banyak untungnya (laba). Bila sedikit modalnya sejak dahulu kala, tentunya sedikit keuntungannya.

3. Undha-usuk pangkating urip : Kang rumiyin pangkating kawiryen, Prihatin pangkat pindhone. Karo Karseng Hyang Agung. Gung kawula darma nglakoni, Béja, cilakanira, Atas lokil makpul. Pan wus pinasthi Hyang SUksma. Lire : Béja, cilaka pasthi ndhaténgi. Papésthen rong prakara.

Tingkatan martabat dalam hidup : Pertama kemewahan, Duka-cita yang kedua. Keduanya kehendak Hyang Agung. Semua hamba sekedar menjalani, Bahagia dan celaka, Bergantung kepada lokil makful. Sudah dipasthikan oleh Hyang Suksma. Artinya : malang, mujur tentunya akan mendatangi. Takdir dua macam itu.

4. Pramilane sagung wong aurip, Aja bungah yen ginanjar mulya, Suka, prihatin darbeke : Manawa ngakiripun, Lamun témén marang Hyang Widi, Sayékti tinéménan, Panédyaning manus. Ing dunya dereng kalakyan, Aneng akhir sayékti lamun pinanggih, Wawalése tyas harja.

Oleh sebab itu semua orang hidup, Jangan bergembira bila dianugrahi kemuliaan, Senang, susah sudah kepunyaannya sendiri. Barangkali akhirnya, Jika setia kepada Hyang Widi, Jika dilaksanakan dengan sungguh-sungguh, Permintaannya manusia. Diakhirat tentu akan menjumpai, Balasan hati yang mulia.

5. Jalma luwih médharakén mamanis, Kang cinatur Kitap Tafsir Alam. Tinétépan upamane : Inggang ségara agung, Lawan papan kang tanpa tulis, Tunjung tanpa sélaga, Sapa gawe iku ? Kalawan jénénging Allah, Lan Muhammad anane ana ing éndi ? Ywan sirna ana apa ?

Manusia terpilih menyampaikan perihal kemuliaan, Yang dibicarakan dalam Kitab Tafsir Alam. Ditetapkan misalnya : Samudra yang luas, Dan tempat yang tidak bertulis, Teratai yang tidak berkuncup, Siapa yang membuat ? Dan nama Allah, Dan Muhammad dimana adanya ? Bila lenyap apa yang masih ada ?

6. Damar murup tanpa sumbu nénggih, Godhong ijo inggang tanpa wéksa, Modin tan ana bédhuge, Sétek pisan wus rampung, Tanggal pisan purnama sidi, Panglong grahana lintang, Iku sémunipun, Kang

sampun awas ing cipta. Aja sira katungkul maca pribadi, Takokna kang wus wignya.

Pelita menyala tanpa sumbu, Daun hijau tanpa pohon, Modin tanpa bedugnya (modin = juru azan), Sekali singgung sudah tamat, Tanggal satu bulan purnama, Panglong gerhana bintang. Itulah lambang (simbol), Manusia yang sudah waspada akan ciptanya. Jangan selalu membaca sendiri saja. Tanyakanlah kepada yang sudah sidik (arif).

7. Lawan sastra adi kang linuwih, Lawan Kur'an pira sastra nira, Estri priyadi tunggale, Lawan ingkang tumuwuh, Sapa njénéngakén sireki ? Duk sira palakrama, Kang ngawinkén iku ? Sira yen bukti punika, Sapandulang yen tan wéruha, sayékti Jalma durung utama.

Dan sastra indah utama yang tertinggi, Dan Al Qur'an berapa sastranya ? Wanita dan laki-laki utama ada berapa jumlahnya ? Dan berapa jumlah yang tumbuh ? Siapa yang memberi nama kepadamu ? Waktu kamu menikah. Siapa yang menikahkan ? Kalau makan siapa yang menyuapi ? Jika belum mengetahuinya, sebenarnya, Belum menjadi manusia yang utama.

8. Lawan angangsu pikulan warih, Amek géni pan nganggo dédamar, Kodhok angémuli lenge, Rangka manjing ing dhuwung, Miwah baita mot ing jladri, Kuda ngrap ing pangéngan, Lan gigiring punglu, Tapake kuntul anglayang, Kakang mbarép miwah adhine wuragil, Tunjung tanpa sélaga.

Mencari air membawa sepikul air, Mencari api membawa pelita, Katan menyelubungi liangnya, Sarung masuk kedalam keris, Dan sampan berisi samudra, Kuda melonjak dimuka pandangan, Punggung peluru, dimana ? Bekas kuntul yang melayang-layang, Kakah si sulung , adik si bungsu, Teratai tidak berselaga (kelopak).

9. Lawan siti pinéndhém ing bumi, Miwah tirta kinum jroning toya, Lawan sréngenge pinepe, Lawan géni tinunu, Pan walanjar dereng akrami, Prawan adarbe suta, Ndhog bisa kaluruk, Jéjaka rabine papat, Pan wong mangan sabén dina-dina ngélih, Lawan mangan sapisan (pan wus marém).

Dan tanah yang tertanam dalam bumi, Atau air yang terendam dalam air, Dan matahari yang dijemur, Dan api yang dibakar, Serta janda yang belum pernah kawin, Gadis yang telah berputra, Telur dapat berkokok, Jejaka (bujang) beristeri empat, Dan orang makan setiap hari tetap lapar, Serta makan sekali sudah puas.

10. Pan wus marém, miwah alam tafsir, Den wéwijing jroning sasmita, Apan puniku sémune. Inggang samodra agung, Tanpa tépi anérambahi. Éndi kang aran Allah ? Tan roro tétélu. Kawulane tanna wikan, Sirna luluh kang aneng datullah jati, Aran sagara Purba.

Dan sudah puas, serta alam tafsir, Diprinci sebagai petunjuk, Itulah lambangnya. Samudra yang luas, Tanpa tepi, meresapi seluruh alam. Manakah yang disebut Allah ? Tak ada lainnya (dua atau tiga). Makhluknya tidak ada yang menyadari, Karena sirna terlarut dalam datullah sejati, Yang disebut lautan kekuasaan.

11. Ana papan ingkang tanpa tulis. Wujud napi artine punika, Sampyuh ing solah sémune, Nir asma kawuleku, Mapan jati rasa séjati, Ing jro pandugeng toya, Marang ing Hyang Agung. Pangrasa sajroning rasa, Syéktine kang rasa nunggal lan urip, Urip langgéng dimulya.

Ada tempat yang tak bertulisan. Kosong mutlak artinya itu, Dalamnya lenyap terlarut dalam segala gerak dan semu. Hapus sebutan Aku karena, Masuk kedalam inti rasa sejati. Didalam tiada bangun (sadar), Kediaman Hyang Agung Perasaan masuk kedalam rasa, Sebenarnya rasa sudah bersatu dengan hidup, Hidup kekal serba nikmat.

12. Sasmitane ingkang tunjung putih, Tanpa slaga inggih nyatanira, Rokhilafi satuhune. Datullah ananipun, Yeku sabda ingkang arungsit. Iku pan bangsa cipta, Hananira iku. Tandha kang darbe pratandha. Kang sumendhe, aja angrasani Gusti, Purwane munggweng wara.

Isyarat teratai putih, Tak berkelopak ialah kenyataan. Ruhilafi sebenarnya. Itulah adanya datullah, Itu, sabda yang sangat pelik. Itu kan perihal cipta, Adanya itu. Tanda yang mempunyai pertanda. Harus berserah, jangan mempercakapkan Tuhan, Mula hanya berpangkal pada ajaran saja.

13. Damar murup tanpa sumbu nénggih, Sémunira urup aneng karsa. Dat mutlak iku jatine ! Anglir tirta kamanu, Kadi pulung sarasa jati, Aranira iku. Nur Muhammad nuksma rasa, Rasa jati punika ingkang sayékti. Ya Allah, ya Muhammad.

Pelita menyala tidak ada sumbunya, Itu prlambanganya nyala pada kehendak. Dat Mutlak itu sebenarnya ! Seperti air yang bercahaya. Seperti wahyu dengan rasa sejati. Itulah bentuk tunggal, Yang disebut itu. Nur Muhammad menjelma menjadi Rasa. Rasa sejati itu sebenarnya. Ya Allah, ya Muhammad.

14. Godhong ijo tanpa wréksa iki, Semunira ing masalah ing rat, Lah iya urip jatine. Dudu napas puniku, Dudu swara lan dudu osik, Dudu paningalira, Dudu rasa pérlu, Dudu cahya kantha warna, Urip jati iku, nampani sakalir, Langgég tan kéna owah.

Daun hijau tidak berpohon, Itu lambang masalah alam. Yaitu hidup sejatinya. Bukan nafas itu, Bukan swara dan bukan gerak batin, Bukan pemandangan, Dan bukan rasa syahwat, Bukan cahaya, bangun atau warna. Itulah hidup sejati, yang menerima segala persaksian, Kekal tan ada ubahnya (tak dapat berubah).

15. Pasémne kang modin puniki, Pan bédhuge muhung aneng cipta, Iya ciptanira dhewe. Nanging sira puniku, Pan ingakén sulih Hyang Widi. Cipta iku Muhammad, Tinut ing tumuwuh. Wali, mukmin datan kocap. Jroning cipta Gusti Allah ingkang mosik, Unine : rasulullah.

Yang dilambangkan oleh modin itu, Karena akal berperanan bedug juga, ialah akalmu sendiri. Akan tetapi kamu itu, Sebenarnya mewakili Hyang Widi juga. Akal itu Muhammad, Pemimpin hidupmu. Wali, mukmin tak disebut, Dalam cipta Allah yang bergerak, Suaranya rasulullah.

16. Lamun ménéng Muhammad puniki. Inkang makmum apan jénéngira. Dene ta génti arane, Yen imam Allah iku, Inkang makmum Muhammad jati. Iku rahsaning cipta, Sampurnaning kawruh. Imam mukmin pan wus nunggal, Allah samar Allah tétép kang séjati, Wus campuh nunggal rasa.

Jika diam Muhammad itu, Yang makmum ialah kamu sendiri. Jika berganti nama, Allah sebagai imam, Yang makmum ialah Muhammad sejati. Itulah intisarinnya cipta, Kesempurnaan ilmu. Imam mukmin sudah bersatu, Allah bayangan dan Allah tetap yang sejati, Sudah bercampur bersatu rasa.

17. Inkang ngawinakén sira iki, Iya Allah ngawinakén sira, Muhammad dadi waline, Jabrail Sahidipun. Sira kawin sajroning masjid, Saksine Johal Awal. Allah apulangyun, Pulangyun sajroning cipta. Sir kawine apanta ilmu Séjati, Iku sampurnaning Dat.

Yang mengawinkan kamu itu, ialah Allah yang mengawinkan kamu, Muhammad jadi walinya, Sahidnya Jibril. Kamu kawin didalam masjid, Johar Awal saksinya. Allah telah bersatu, Bersatu dalam cipta. Maskawinnya ialah Ilmu Sejati, Itulah kesempurnaan Dat.

18. Sira nginum lan bukti puniki, Ilmuning Dat iku sayéktinya, Dat Mutlak iku arane. Yen sira wus angetung, Muhung Suksma kang bangsa urip, Urip ara Pangeran, Tan roro tétélu. Cahyane Ciptaning rasa, Rasanira asilé m jroning jaladri, Urip langgeng dimulya.

Kamu minum dan makan itu, Ilmunya Dat itu yang sebenarnya, Dat mutlak itu namanya. Jika kamu sudah menghitung, Hanya Suksma yang tergolong hidup, Hidup sebetulnya Tuhan, Tiada dua atau tiga, Cahaya dari cipta dan rasa, Rasamu terselam dalam lautan, Hidup yang abadi dan mulia.

19. Ingkang bangsa suwara puniki, Ilmuning Dat lawan kanthi Allah, Ya iku tétép tapane. Sirnane roro iku, Sampurnaning panyipta jati. Iki sajroning rasa, Rasa apulangyun, Apulangyun rasaning rat. Sajroning rat sarira kahanan urip, Pan urip sajroning rat.

Yang tergolong ucapan itu, Ilmunya Dat serta dengan kehendak Allah, Yaitu yang kuat tapanya (tirakat). Sirnanya kedua hal itu, Kesempurnaan pencita sejati, Itu didalam rasa, Rasa yang bersatu, Bersatu dengan rasa alam. Dalam alam diri sendiri tersaksikan sebagai hidup, Dan hidup didalam alam.

20. Mulaning rat pyuh dadya kakalih, Apan kadi suksma jroning toya, Luwih angel pénggrétine. Yen sira wus andulu, Jroning laut kang purweng jati, Iku sabdaning tingal, Sampurneng pandulu. Sirnaning rasa samudra, Ing sagara Purba ingkang anamadi, Gumlaring pramuditya.

Awal mulanya dunia terbagi menjadi dua, Ibarat suksma didalam air, Lebih sulit menyelaminya. Jika kamu sudah melihat, Dalam lautan kekuasaan yang sejati, Itulah firman yang terlihat, Kesempurnaan penglihatan. Sirnanya rasa samudera. Didalam samudera kekuasaan yang menyelubungi, Tergelarnya alam semesta.

21. Tégése laku satindak iki, Ananira ingkang Johar Awal, Rasa Nur jati uripe. Ananing urip iku !! Anging Allah sifate Urip, Nunggal kahananira, Iku jatinipun. Uripnya padha kang ana, Ananing Hyang ingkang tansah anglimputi, Nadyan sasipatira.

Atinya laku perjalanan ini, Adanya dari Johar Awal, Dari Rasa Nur sejati hidupnya. Adanya hidup itu ! Yaitu Allah sifatnya hidup, Bersatu dengan keadaanmu, Iku yang sebenarnya, Adanya Tuhan yang selalu menyelimuti, Meskipun hanya sifat-Nya.

22. Tégése ménéng amangun éning, Ananira manuksma ing rasa, Rasa karsa sejatine. Iku suksmaning laut. Solah bawa sampun manunggil. Mapan solahing Allah, Ananira iku. Saosike iku Allah, Ingkang mobah, amurba mi seseng dhiri, Nyrambahi kang gumélar.

Artinya diam menciptakan kesunyian, Keadaamu merasuk didalam rasa, Rasa dan kehendak yang sejati. Itulah samudaranya suksma. Gerak gerak yang sudah bersatu. Dalam gerak Allah, Keadaanmu itu. Segala gerak itu Allah, Yang bergerak, mengusai diri, Melimputi semua yang tergelar.

Tamat